

## **Appendix C**

### ENTITLEMENT LETTER

Chè Paran oswa Gadyen legal :

Lè w te vin enskri pitit ou \_\_\_\_\_ nan lekòl la, ou ranpli yon fòm Ankèt pou detèminen lang yo pale lakay ou *Home Language Identification Survey* (HLIS). Dapre repons ou bay nan fòm ankèt la, yo te fè pitit ou a pran yon Tès ofisyèl Biwo Edikasyon Leta Nouyòk pou evalye elèv k ap aprann lang angle *Language Assessment Battery* (LAB-R) pou detèminen nivo pèfòmans li nan angle. Pitit ou a fè nòt \_\_\_\_\_ pou LAB-R la, sa ki ba l dwa pou resevwa sèvis pou Moun k ap aprann lang angle *English Language Learner* (ELL) nan youn nan pwogram sila yo :

- Yon pwogram Edikasyon bileng pwovizwa *Transitional Bilingual Education program* (TBE) gen ladan l ansèyman lang ak matyè lekòl yo nan lang natifnatal elèv la ansanm avèk ansèyman entansif nan Angle kòm dezyèm lang *English as a Second Language* (ESL). Pandan elèv la ap ogmante konpetans li lè l ap transfere aptitud lengwistik ak akademik li genyen nan lang natifnatal li, yo fè plis kou an angle epi yo diminye ansèyman nan lang natifnatal la.
- Yon pwogram Lang doub *Dual Language* fè mwaye tan ansèyman an ann angle e lòt mwaye a nan lang pwogram la vize a (sètadi, panyòl, chinwa, kreyòl ayisyen). Yo fè klas pou tout elèv ki pale lang vize ansanm ak elèv yo ki pale angle konsa tout elèv yo vin konpetan nan de lang yo epi yo vin gen de kilti.
- Yon pwogram otonòm Angle kòm dezyèm lang *Freestanding English as a Second Language* (ESL) bay tout klas li yo ann angle epi li itilize metòd ansèyman patikilye.

Ou gen posiblite pou mande kesyon osijè sèvis ak pwogram edikasyon yo ki disponib pou pitit ou a epi pou w chwazi pwogram ou ta renmen enskri pitit ou a nan sesyon oryantasyon pou paran an k ap fèt le \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_. Tanpri vini ak fòm Chwa pwogram ak Ankèt sou paran *Parent Survey and Program Selection Form* (ki vini ansanm ak lèt sa a). Apre sesyon oryantasyon an, yo pral mande w pou ranpli fòm sa a, pou w ekri ki pwogram ou chwazi nan lòd kòm kwa pou pwogram sa ou mete kòm premye chwa a se ladan l ou ta pi pito yo mete pitit ou a, menm si l pa nan pwogram yo ofri nan lekòl nou a kounye a. Enfòmasyon sa a pral ede nou mete an plas pwogram yo ki koresponn a bezwen paran yo. N ap ankouraje w anpil pou w asiste sesyon oryantasyon an pou w ka fè yon chwa ou pap regrèt. Sepandan, si w pa kapab asiste sesyon oryantasyon an, tanpri telefone koòdonatè paran, \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_ pou fikse yon randevou oswa diskite chwa pwogram

## **Appendix C**

### ENTITLEMENT LETTER

yo nan telefòn. Ou dwe ranpli fòm Chwa pwogram ak Ankèt sou paran kanmenm epi voye l tounen ba \_\_\_\_\_ disi \_\_\_\_\_.

Nou pral fè tout efò nou kapab pou ba w pwogram ou chwazi a pou pitit ou a. Sepandan, paran ki chwazi yon TBE ki pa disponib nan lekòl nou a ka transfere pitit yo nan yon lòt lekòl nan distri ki gen pwogram sa a. Tanpri sonje dapre Règleman Komisè Leta Nouyòk la, Seksyon 154, e dapre minimòm sèvis pitit ou gen dwa, li dwe patisipe nan yon pwogram otonòm ESL.

Pitit ou a pral rete pou tout ane eskolè \_\_\_\_\_ nan pwogram ou chwazi a. Yo pral detèminen si pitit ou a ka kontinye gen dwa pou sèvis yo dapre rezilta Egzamen ofisyèl Biwo Edikasyon Leta Nouyòk pou evalye elèv k ap aprann angle *New York State English as a Second Language Achievement Test (NYSESLAT)* ke yo pral bay nan prentan. L ap pi bon pou pitit ou a si l rete nan menm pwogram la toutotan li kalifye pou sèvis yo. Rechèch yo fè pwouve ke elèv ki rete nan menm pwogram lan, nan yon ane pou ale nan yon lòt, gen tandans pou fè egzamen modèl angle ak matematik vil ak leta Nouyòk yo pi byen, epi yo travay pi byen pase sa ki pase nan diferan pwogram.

Nou espere pitit ou a ap gen yon ane akademik pwofitab nan lekòl nou a. Si w ta vle mande kèk kesyon osijè chwa pwogram pou pitit ou a, tanpri kontakte \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_.

Ak senserite,

\_\_\_\_\_